**Ненан маттахь еша Iамадо … телефонашна.**

ТIаьхьарчу хенахь телефонашка барта хатарш деш ган тарло вайна нах: «Гугл, какая река самая длинная?», «Алиса, сколько метров в версте?». Амма изза хаттарш нохчийн маттахь цуьнга лахь, вайна жоп хезар дац. Халахеташ делахь а, нохчийн маттах ца кхета вайн телефонаш а, компьютерш а. Иштта, ца хаьа царна нохчийн маттахь язйина текст кхеташ дIаеша а.

Тахана вайн мотт компьютер чу баккха гIерташ, къахьоьгуш нах бу, царна юкъахь шаьш лела энтузиасташ а бу, тобанаш а ю. Амма Iилман тIегIан тIе а баьккхина, юкъах ца буьтуш, оцу декъехь болх беш Нохчийн Республикин Iилманийн академин белхахой бу. ТIаьхьарчу хенахь и болх дIаккхоьхьучу отделехь (пайде семиотикин отдел) къаьсттина тIе тидам бахийтина дIахьуш бу нохчийн маттахь къамелан синтезъяран а, и къамел довзаран а хьокъехь болх. Кхечу дешнашца аьлча, нохчийн маттахь элпашца дIаязйина текст озаца еша Iама дезаш ду компьютеран системашна, иштта, нохчийн маттахь озаца дIааьллачух кхета а кхетта, жоп дала я омра кхочушдан а.

ТIоьххула хьажча, башха хала болх ца хета а тарло и. Амма и дакъа искусственни интеллектан системашкахь уггар чолхечарах цхьаъ ду. Компьютерна текст еша Iамош, тайп-тайпана Iилманашна юкъара хаарех пайдаэца безаш хуьлу: меттаIилма, программировани, физика, математика. Цул сов, оцу хIора а Iилманехь шуьйра хаарш оьшу и болх дIабахьа. Масала, меттаIилманехь – фонетики тIера синтаксис тIе кхаччалц, программийн декъехь – алгоритмашна тIера квантан компьютершна, нейронийн программировани тIе кхаччалц.

Пайде семиотикин отделехь цкъачунна оцу декъехь Iилман талламаш беш къахьоьгуш коьрта декъана Академин лакхара Iилманан белхахо Израилова Элиса ю. Оцу тайпа белхаш цхьана-шина стаге я иттех стаге а кхочуш ца бало, цу гIуллакхна дуккха а

специалисташ а, хан а оьшу. Амма Элисас оцу декъехь бен талламаш а, программированин декъехь цо цу новкъахь йоху хьалхара гIулчаш а нийсачу хоршехь хиларан тоьшалла ду цуьнан балхана массанхьа а дика мах хадош хилар. Иштта, Израилова Элисин «Нохчийн меттан «фонетикин алфавит» къамелан синтезан системин бух санна» аьлла статья цу декъехь хьалхарчех цхьаъ хиллехь а, Россехь уггар лоручу журналашна юккъехь долу журнале (Научно-техническая информация. ВИНИТИ РАН) лаккхара мах а хадош, зорбатоха схьаэцарал сов, цара шайн лаамехь, гоч а йина, шайн журналан Web of Sciences юкъайоьду ингалсан меттан верси юкъа яхийтина иза.

Ткъа дIадаханчу шеран декабран 4-9 деношкахь Кабардино-Балкарехь дIаяьхьначу «Ойлаяран кепаш а, информацин-урхаллин системийн интеграци а» аьлла йолу дуьненаюкъара конференцехь дакъалецира цо. Цигахь цо ша бечу балхах доклад йира: «КIорггера ларчан нейронийн машин буха тIехь къамелан синтезъяран системийн моделашна лерина хаамийн база кечъяр» («Подготовка базы данных для моделирования системы синтеза речи на основе глубоких свёрточных нейронных сетей»). Оцу конференцин декъахоша – Россин Iилманийн академин, Н.Э.Бауманан цIарах университетан, кхийолу учрежденешкара талламхоша – лаккхара мах хадийра Нохчийчохь дIахьучу белхан. Цара дуккха а хаттарш дира докладан хьокъехь, иштта цу декъехь нохчийн маттаца болх бечаьрца уьйраш лело лууш хилар хаийтира.

Тахана оцу тайпа белхаш беш болу дуьненан массо а маьIIера специалисташца зIенаш латтош, шайна зеделларг вовшашна довзуьйтуш болх беш ю Элиса. Цуьнца белхан уьйраш лелочарна юккъехь бу Санкт-Петербургера, Москвара, Татарстанера, Швецера, Кореера программисташ, Iилманчаш.

Пайде семиотикин отделехь ян юьхьарлаьцна системаш тахана-кхана хирг хиларх башха сатуьйсийла яцахь а – адамийн а, техникин а яккхий ресурсаш еза иштта болх сиха дIабахийта – хьалхара гIулчаш нийсачу новкъахь а, кхиаме а хиларо и болх шен Iалашоне кхиамца кхочург хиларх дегайовхо кхуллу.

Бадаева Iайшат